



DEPATMAN PWOTEKSYON KONSOMATÈ AK
TRAVAYÈ (DEPARTMENT OF CONSUMER
AND WORKER PROTECTION, DCWP)
Biwo Règleman ak Estanda Travay (Office of
Labor Policy & Standards, OLPS)
42 Broadway
New York, NY 10004
Rele 311 oswa 212-436-0380
nyc.gov/dcwp

Kreyòl Ayisyen | Haitian Creole

Kesyon Moun Poze Souvan – Òf Aranjman ki soti nan Biwo Règleman ak Estanda Travay

Kisa yon aranjman ye?

Yon aranjman ki soti nan Biwo Règleman ak Estanda Travay DCWP a (OLPS) se yon pwopozisyon pou rezoud yon dosye atravè yon antant avèk DCWP pito olye se ta nan afwontman.

DCWP jeneralman voye yon òf aranjman aprè yon ankèt revele ou vyole yon lwa DCWP aplike. Yon òf aranjman tipikman gen ladan opsyon pou rezoud yon dosye kote ou ap dakò peye yon lajan epi chanje pratik oswa politik ou oswa pran lòt mezi pou konfòme w ak lalwa oswa korije vyolasyon yo.

Ki moun mwen dwe kontakte lè m fin resevwa yon òf aranjman?

Kontakte moun ki voye òf aranjman an ba ou a pou dyaloge avèk li sou sa a. Òf la ap tou gen ladan enfòmasyon pou kontakte moun nan. Si ou bezwen entèprèt, DCWP kapab fè aranjman pou ou ka jwenn yon entèprèt nan telefòn gratis pou pale de òf la.

Ou ka efase negosye divès kondisyon ki nan aranjman an; men, pa gen okenn garanti DCWP ap dakò yon lòt pwopozisyon.

Èske mwen oblije aksepte òf la epi finalize dosye m nan?

Non. Ou ka ale nan odyans lan nan Biwo Pwosè administratif ak Odyans (Office of Administrative Trials and Hearings, OATH) pou konteste akizasyon an (yo).

Kisa mwen ta dwe fè si mwen resevwa yon avètisman dèske mwen pa bay achiv enfòmasyon mwen nan yon ankèt?

DCWP jeneralman voye yon avètisman si ou pa kolabore nan kad yon ankèt epi ou refize bay dokiman oswa enfòmasyon yo mande w. Ou dwe bay dokiman yo oswa enfòmasyon yo mande w yo nan delè ki nan imèl oswa lèt la. Si ou pa fè sa a, DCWP ka depoze yon petisyon nan OATH pou jwenn yon òdonans ki egzije w bay dokiman yo epi peye penalite sivil.

Pou evite yon odyans dèske ou pa rive bay dokiman oswa enfòmasyon yo, kontakte moun ki voye imèl la oswa lèt la. Ou ka rive rezoud litij la pandan w bay dokiman oswa enfòmasyon yo mande w yo. Si ou bezwen entèprèt, DCWP kapab fè aranjman pou ou ka jwenn yon entèprèt nan telefòn gratis pou pale de achiv enfòmasyon yo mande w yo.

Kisa ki ap rive si mwen deside finalize dosye m an?

Après oumenm ak DCWP rive jwenn yon akò sou kondisyon antant lan, DCWP ap mete akò antant konplè alekri nan yon dokiman ki rele "Òdonans Konsantman". W ap gen opòtinite pou ou li bouyon Òdonans Konsantman an epi diskite si nesèsè anvan ou siyen li. Si ou bezwen entèprèt, DCWP kapab fè aranjman pou ou ka jwenn yon entèprèt nan telefòn gratis.

Òdonans Konsantman an prezante lis vyolasyon ou te fè yo ak aksyon ou pral poze, tankou peman lajan ak/oswa lòt etap pou asire konfòmite ak lalwa. Tipikman, ou pral dakò peye penalite sivil ak konpansasyon anplwaye nan yon sèten dat. W ap peye penalite sivil bay Vil la. W ap peye travayè a(yo) konpansasyon anplwaye li(yo).

Kòm yon pati nan règleman an, yo ka mande w siyen yon dokiman ki rele **Konfesyon Jijman**, ki pèmèt DCWP jwenn yon kosyon nan men w nan yon tribinal eta, san bezwen antame yon pousuit jiridik, si ou pa peye sa ou te dakò peye a.

Aranjman an pa final toutotan oumenm ak DCWP pa siyen òdonans Konsantman an. Si oumenm ak DCWP şpa dakò sou kondisyon alekri yo epi nou pa finalize Òdonans Konsantman an nan yon delè ki rezonab, DCWP ka kontinye ak litij yo nan OATH.

Kisa k ap pase apre mwen finalize dosye mwen an?

Òdonans Konsantman se dokiman ki legalman obligatwa. Apre ou fin siyen Òdonans Konsantman an, ou dwe fè sa ou te dakò a nan delè ki nan Òdonans Konsantman an. Si w pa aplike yo, DCWP ka:

- depoze yon plent kont ou pou oblije w respekte aranjman an;
- fè w peye amand;
- jwenn yon kosyon kont ou; e/oswa
- poze lòt aksyon ki apwopriye.

Aranjman pa konfidansyèl epi yo nan kategori Lwa sou Libète Enfòmasyon.

Vanjans se yon bagay ilegal. Ou pa kapab pini travayè yo paske yo patisipe nan ankèt la oswa aksepte yon peman nan kad antant la oswa poze nenpòt lòt aksyon ki penalize travayè yo paske yo egzèse dwa yo oswa ki kapab anpeche travayè yo eseye egzèse dwa yo.

Kisa ki ap rive si mwen pa finalize dosye m nan?

Si ou pa finalize, DCWP ka depoze yon petisyon kont ou nan OATH. DCWP ap ba w yon kopi petisyon an ki rezime plent ki kont ou yo, ak tout vyolasyon lalwa ankèt DCWP ta jwenn ou te fè.

Aprè yo fin depoze epi livre petisyon an, ou gen opòtinite pou reponn epi pou yo tande w devan yon Jij Dwa Administratif (ALJ). Ou ka angaje yon avoka pou reprezante w epi pran defans ou oswa ou ka chwazi reprezante tèt ou. Tou de pati yo (ou menm ak DCWP) ka fè dekouvèt; pa egzanp, mande dokiman ak enfòmasyon.

Konbyen tan yon dosye dire varye. Pafwa dosye yo rezoud apre yon pati depoze yon mosyon pou pran yon desizyon sou ka a, lè pati yo antann yo, oswa lè yon dosye ale nan jijman.

Si yon dosye ale nan jijman, OATH ALJ ap tande dosye a. Pa gen okenn jiri. Tou de pati yo gen opòtinite pou yo prezante prèv ak agiman. OATH ALJ fè yon rekòmandasyon sou fason pou yo pran desizyon sou dosye a epi Komisyonè DCWP a ap bay desizyon final Ajans la.

Si ou pa dakò ak desizyon final Ajans lan, ou ka fè yon apèl nan tribinal eta a.